

Pou Piblikasyon Imedya: 14/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO MANDE POU YO LIMEN PON MARIO M. CUOMO AN BLE-VÈT
NAN SAMDI POU MAKE MWA SANSIBILIZASYON NASYONAL SOU SENDWÒM
LA TOURETTE LA**

*Yo estime gen apeprè 200,000 Ameriken yo dyagnostike avèk yon ka grav
Sendwòm La Tourette*

Gen 1 timoun sou 160 ant laj 5 ak 17 an nan Etazini ki gen maladi an

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay enstriksyon pou yo limen Pon Governor Mario M. Cuomo a ble-vèt nan samdi swa, 15 Jen, pou make fen Mwa Sansibilizasyon Nasyonal sou Sendwòm La Tourette la (National Tourette Syndrome Awareness Month). Sendwòm La Tourette la se yon afliksyon ki dire tout lavi epi estimasyon Enstiti Nasyonal Pwoblèm Newolojik ak Konjesyon Serebral la (National Institute of Neurological Disorders and Stroke) endike gen apeprè 200,000 moun nan Etazini yo dyagnostike avèk fòm pi grav maladi an. Gen yon pi gran kantite Ameriken toujou ki gen sentòm mwen grav ki asosye avèk Sendwòm La Tourette la tankou tik nan vwa.

"Sendwòm La Tourette la simaye plis lontan pase sa pifò moun panse, epi menm si gen tretman ki disponib pou maladi sa a ki pa gen remèd, yo se souvan yon fado finansye pou pasyan yo ak fanmi yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pou sansibilize epi make fen Mwa Sansibilizasyon Nasyonal sou Sendwòm La Tourette la, mwen bay enstriksyon pou yo limen Pon Mario M. Cuomo a ble-vèt nan Samdi swa anlonè moun yo dyagnostike avèk maladi sa a ki dire tout lavi."

Dapre Asosyasyon La Tourette Etazini an (Tourette Association of America), gen ant twa ak senk fwa plis ti gason ki gen Sendwòm La Tourette pase ti fi. Pa gen remèd pou Sendwòm La Tourette la e tretman an gen ladan plizyè medikaman ak terapi ki kapab souvan chè anpil.

Semèn sa a, Sena Eta New York la (New York State Senate) te adopte yon rezolisyon lejislatif ki di Gouvènè Cuomo pwoklame ant 15 Me ak 15 Jen 2019, se Mwa Sansibilizasyon Nasyonal sou Sendwòm La Tourette la nan Eta New York, an konjonksyon avèk obsèvan Mwa Sansibilizasyon Nasyonal sou Sendwòm La Tourette la.

Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins te deklare, "Mwa Sansibilizasyon Nasyonal sou Sendwòm La Tourette la se okazyon pou fè pwogrè nan rechèch ak akseptasyon sosyete a pou moun ki gen maladi sa a. Gen plizyè milye fanmi nan New York Sendwòm La Tourette la touche, epi lè nou retire wont epi sansibilize sou maladi sa a sa pral ede amelyore kalite lavi yo. Majorite Sena a ap kenbe angajman li pran pou timoun yo, fanmi yo ak moun yo toupatou nan Eta New York maladi sa a touche".

Prezidan Asanble a, Carl Heastie te deklare, "Majorite Asanble a fyè kanpe avèk chak Nouyòkè Sendwòm La Tourette la touche mwa sa a pandan l ap travay pou sansibilize piblik la, pouse akseptasyon sosyal epi bay kominote yo toupatou nan eta a mwayen atake defi ki asosye yo avèk maladi konplèks sa a. N espere lè nou limen pon an sa ap sèvi kòm senbòl solidarite nou avèk Nouyòkè sa yo".

Senatè Shelley Mayer te deklare, "Mwen remèsye Gouvènè Cuomo dèske li limen Pon Mario M. Cuomo an ble-vèt pou rekonèt Mwa Sansibilizasyon Nasyonal sou Sendwòm La Tourette la. Sendwòm La Tourette la se yon maladi kwonik ki kapab difisil anpil pou timoun. Mwen remèsye Anbasadè Lajenès nou yo nan Konte Westchester nan Asosyasyon La Tourette Etazini an dèske y ap fè sansibilizasyon epi pouse tolerans ak konpreyansyon pou moun ki gen Sendwòm La Tourette yo".

Helene Walisever, Prezidan branch Asosyasyon La Tourette Etazini ki nan Hudson Valley a, te deklare, "Lè yo limen pon an konsa sa soutni misyon nou an pou sansibilize sou maladi sa a anpil moun pa konprann. Lè nou favorize yon pi gran konpreyansyon sou La Tourette nan kominote a an jeneral sa ap gen yon efè pozitif sou sante ak byennèt timoun ak granmoun k ap viv avèk maladi sa a".

Alexandra Cuttler, Anbasadè Lajenès la pou Asosyasyon La Tourette Etazini an ak yon rezidan Hartsdale, te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo ak fonksyonè eli nou yo dèske yo limen Pon Governor Mario M. Cuomo a ble-vèt samdi swa sa a pou ede sansibilize epi favorize akseptasyon sosyal sou Sendwòm La Tourette la. Sa te pran plizyè ane pou yo dyagnostike mwen kòrèkteman epi mwen vle fè tout sa mwen kapab pou garanti timoun sa yo jwenn èd yo bezwen an lepli bonè posib".

###

Lèt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)